


La Bib pou ti moun
prézanté

Bon Samariten an



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : M. Maillot; Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen; Sarah S.

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org


©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopie istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.

"Mèt ! Kisa pou mwen fè pou m
genyen lavi ki p ap janm
fini an ?" Nonm ki te poze
kesyon sa a t ap eseye
twonpe Jezi. Jezi te
reponn li : "Kisa lalwa
Bondye a
di ?"



"Se pou w renmen Bondye ak pwochen ou," nonm lan te di. "Men, kiyès ki pwochen mwen?" li te mande.



3

Pou reponn kesyon nonm lan, Jezi te rakonte l istwa yon nonm ki t ap vwayaje sou wout ki soti Jerizalèm pou ale Jeriko a. Bandi te atake nonm lan.



4

Bandi yo te pran tout sa yo te jwenn, menm rad malere vwayajè a yo te vòlè. Yo te blese li grav anpil, yo te kite li preske mouri bò wout la.



5

Pa aza, te gen yon prèt ki t ap pase la. Li t apral siman ede nonm ki te blese a. Non! Lè li te wè nonm ki t ap senyen an, li te

travèse lòt bò wout la.



6

Aprè yon ti tan, kèk bri pye te anonse yon lòt moun k ap vini. Se te yon Levit — yon nonm ki t ap ede prèt yo nan tanp lan. Li t ale bò kote nonm ki blese a, li te gade l, epi li te kontinye wout

li san l pa ede li.



7


Finalman, yon Samariten te vin rive. Juif yo te rayi Samariten yo. Moun ki t ap tande istwa Jezi a pa te panse se te yon Samariten ki t ap ewo a ditou.



8


Men, se te li menm. Samariten an te gen pitye pou nonm nan epi li te kanpe pou l ede li.

Samariten an te mete
ajenou, li te netwaye
blese etranje a
dousman epi li te panse
l. Apre sa, li te ede l
monte sou bourik li a.



9

Nan yon kay pou vwayajè, Samariten
an te pran swen nonm nan pandan
tout lannuit lan.




10

Nan demen, Samariten an te peye
mèt kay la pou l pran swen vwayajè a
jiskaskè li te fè mye.



11

Istwa a te fini. Jezi te mande, "Ki
moun ki te pwochen nonm bandi yo te
atake a?"



12

"Ale, ou menm tou, fè menm bagay la," Jezi te di li.
Yon pwochen se yon moun ki bezwen èd. Sa fè
Bondye plezi lè nou
ede lòt moun yo.



14

Avoka a te reponn, "Se
te Samariten an, sila ki
te bon avèk li a."



13

Bon Samariten an


Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Lik 10

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130

15



46



60

16

Istwa bibli sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité. Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

17